



Commission On
Human Rights

New York City Commission on Human Rights

22 Reade Street
New York, NY 10007
212-306-7450 | 212-416-0197
www.nyc.gov/site/cchr

2/6/25

Pwoteksyon ki baze sou sitiyasyon imigrasyon ak orijin nasyonal

Nan Vil New York, yo pa ka fè diskriminasyon kont ou poutèt sitiyasyon imigrasyon ou genyen toutbon oubyen yo panse ou genyen, ni poutèt orijin nasyonal ou, nan travay, nan lojman, ak nan espas piblik tankou magazen, lopital, ak sinema. Ou gen dwa, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w:

- Li ilegal pou patwon, kòlèg, oswa founisè lojman tankou mèt kay yon moun sèvi avèk pawòl denigran oswa ofansan pou entimide, imilye, oswa degrade moun, sa gen ladan-l sèvi avèk pawòl “etranje ilegal,” lè itilizasyon li gen kòm objektif avili, imilye, oswa ofanse yon lòt moun.
- Li ilegal pou patwon yo peye travayè yo salè pi ba oswa pou yo pa peye yo ditou oswa pou yo menase y ap rele Lapolis Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) pou toumante, entimide travayè yo, oswa pou fè yo pè poutèt sitiyasyon imigrasyon yo.
- Selon lwa federal la, patwon yo dwe mande anplwaye ki gen posibilite pou yo anboche yo, sèten dokiman kòm prèv yo gen otorizasyon travay. Men, li ilegal pou patwon yo egziye dokiman anplis kòm prèv otorizasyon travay poutèt sipozisyon yo fè sou sitiyasyon imigrasyon oswa orijin nasyonal travayè a.
- Li PA ilegal pou yon patwon refize anboche yon moun poutèt li pa gen otorizasyon travay. Men, patwon an pa gendwa egziye dokimantasyon ki diferan oswa ki anplis pou moun k ap mande travay yo baze sou sitiyasyon imigrasyon oswa orijin nasyonal yo.
- Li ilegal pou mèt kay yo oswa lòt founisè lojman yo refize vann, lwe, oswa anfèmen lojman—oswa pou yo fè li avèk lòt modalite, kondisyon, oswa privilèj—poutèt sitiyasyon imigrasyon oswa orijin nasyonal yon moun.
- Li ilegal pou mèt kay yo oswa lòt founisè lojman yo toumante lokatè yo poutèt sitiyasyon imigrasyon oswa orijin nasyonal lokatè a.
- Li ilegal pou mèt kay yo oswa lòt founisè lojman yo refize fè reparasyon oswa pou yo ofri kondisyon lojman ki pa respekte nòm yo poutèt sitiyasyon imigrasyon oswa orijin nasyonal yon lokatè.
- Li ilegal pou mèt kay yo oswa lòt founisè lojman yo menase rele ICE pou toumante, entimide lokatè yo oswa pou fè yo pè, poutèt sitiyasyon imigrasyon yo.
- Li ilegal pou restoran, magazen, lopital, oswa nenpòt ki lòt kote ki akeyi piblik la, refize sèvi moun, oswa pou yo fè yo santi yo endezirab, poutèt sitiyasyon imigrasyon yo oswa orijin nasyonal yo. Diskriminasyon kont kliyan poutèt aksan yo, mank konpetans yo nan anglè, oswa poutèt yo pale lòt lang, se bagay ki ilegal.

- Li ilegal pou pini yon moun oswa pou fè reprezay kont li poutèt li pran mezi kont pratik diskriminatwa, tankou plenyen nan kote l ap travay la, oswa depoze plent devan Komisyon sou Dwa Moun Vil New York la (NYC Commission on Human Rights) oswa devan yon lòt ajans.

Si w panse yo fè diskriminasyon kont ou poutèt sitiyasyon imigrasyon w, orijin nasyonal ou, oswa poutèt ou fè pati yon lòt kategori ki gen pwoteksyon, tanpri kontakte Komisyon an nan (212) 416-0197 pou depoze yon plent kont diskriminasyon..